

## 2 bon rezon pou yon antrepriz finanse yon bous etid

- Travay ak Haiti Futur, yon asosyasyon kap travay chak jou pi plis epi anpil moun konnen depi lane 1994 pou tout pwojè lap fè nan edikasyon an Ayiti.
- Travay nan rekonstriksyon ak devlopman dirab an Ayiti pandan lap ede nan fomasyon ak edikasyon jenès la.



Edikasyon ak biznis nan peyi Dayiti



**HAÏTI** Futur

Josette BRUFFAERTS-THOMAS  
28 PLACE JEANNE D'ARC 75013 PARIS  
TEL : 01.45.82.44.23  
EMAIL : [contact@haitifutur.com](mailto:contact@haitifutur.com)  
WEB : [www.haitifutur.com](http://www.haitifutur.com)

**BOUS ETID** *Valencia Mongérard*



## Ki kote bous saa sòti

Valencia Mongerard se te yon jèn fi ki te fè pati asosyasyon an. Li te etidye nan peyi Lafrans nan inivèsite Marne-la-Vallée, epi li te travay pou kèk tan nan Gwoup Alfa. Se nan tranbleman tè ki te gen nan peyi a 12 janvyè 2010 la li te mouri.

Pou tout bon bagay li te konn fè, yo te vle ba li omaj, se pou sa Gwoup Alfa, Inivèsite a ak asosyasyon an deside met tèt ansanm pou fè bous sa. Se Gwoup Alfa ki bay 126 000 \$ pou 3 lane pou 2 bous etid.

## Objektif bous etid la

Pou jèn aysiyen kap jwenn bous la ka gen yon bon fomasyon pou demen yo ka travay pou met peyi a kampe epi rive devlope.

## APÈL POU KANDIDA POU MASTÈ 1 EKSPÈTIZ EKONOMIK POU LANE 2011-2012

### DESANM 2010

Kòmansman apèl pou kandida nan peyi Dayiti. Kandida ki ta vle patisipe nan pwogram nan ta dwe :

- Gen yon lisans nan ekonomi
- Gen bon rezilta lekòl
- Gen kèk bon kalite epi yon bon sitwayen
- Tounen lakay li pou l' travay pou pi piti 5 lane apre diplom li

### MAS 2011

Nap resevwa dosye yo pa mel nan tou 2 adrès sa yo : [contact@haitifutur.com](mailto:contact@haitifutur.com)/[kesnerpharel@gmail.com](mailto:kesnerpharel@gmail.com) (Cv, rezilta lekòl, lèt motivasyon kap di kisa nou ta vle fè lè nou tounen nan peyi a), reyalize antrevi ak chak moun ki pi bon yo ak moun Haïti Futur ak Group Croissance. Apre Inivèsite a ap fè dènye chwa.

### SEPTANM 2011

Moun ki chwazi a dwe rive nan peyi Lafrans.

### 2009-2010

2 premye moun ki te jwenn bous la

#### SARAH MONGÉRARD

Lekòl Nòminal Siperyè. Ap fè yon Mastè 1 nan Istwa Kontanporen nan Inivèsite Poitiers.

#### EUGÉNIE RÉGINE LAFONTANT

Inivèsite Leta Dayiti .Ap fè yon Mastè 1 nan Ekspètiz ekonomik nan Inivèsite Marne-la-Vallée.

